ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦІКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№110 (23.768) ● 2018 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 8, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ яІущІащ Урысейм и цІыхубэ артистку Валериерэ абы и щхьэгъусэ, продюсер Пригожин Иосифрэ

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм иригъэблэгъащ КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм и щІыхькІэ къыдэгъэпэща концерт программэшхуэм хэтын папщІэ Налшык къэкІуа Урысейм и цІыхубэ артистку Валериерэ абы и щхьэгъусэ, продюсер Пригожин Иосифрэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и унафэщІым уэрэджыІакІуэм фІыщІэ хуищІащ Урысейм и щІыналъхъэм яку дэлъ щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІым къыхэкІыу.

«Дэ ди гуапэщ сыт щыгъуи къыщыфІэплъэ, ди творчествэм пщІэшхуэ щыхуищІ икІи щалэт Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм фыкъыщедгъэблэгъэну», - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Юрий.

Валерие республикэм и унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ и лэжьыгъэр лъагэу къызэралъытам папщІэ икІи жиІащ и щхьэгъусэм дэщІыгъуу Къэбэрдей-Балъкъэрым къытригъэзэну зэрыхьэзырыр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

Къэралыгъуэм и махуэр зэдагъэлъапІэ

● ГуфІэгъуэ пшыхь

Фокіадэм и 6-м Налшык къалэм цІыху минхэм Іэтауэ щыІэздагъэлъэпІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэр илъэс 97-рэ зэрыри-къур. Абы зыкъэрагъэхьэлІащ федеральнэ центрым и лЫкІуэхэм, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я унафэщІхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм щыщхэм, ветеранхэм, щІалэгъуалэм.

РЕСПУБЛИКЭМ щыпсэухэмрэ хьэщІэхэмрэ жыджэру хэтащ щІыналъэм щекІуэкІа зэхьыхь гуапэхэм. ГуфІэгъуэ дауэдапщэхэр ирагъэжьащ Налшык къалэм и Къэбэрдей уэрамым къыщыІэзрагъэпэща «Налшык - фІыуэ слъагъу си къалэ!» артфестивалымрэ «Восток» киногъэлъэгъуанІэм и гупэм деж щыІэ утыкум зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я «Эстафета» уэрэджыІакІуэ гупым щызэхаубла концертымкІэ.

Пщыхьэщхьэм къалэдэсхэмрэ республикэм и хьэщІэхэмрэ я нэгу зыщрагъэужьащ гуфІэгъуэм хуэщІауэ лъэпкъ тхыпхъэхэмкІэ екІуу ягъэдэха Театр щхьэантІэм щыналъэм и уэрэджыІакІуэхэмрэ къэфакІуэхэмрэ къадэкІуэу Урысей эстрадэм и вагъуэхэу Амирамов Ефремрэ Валериерэ зыхэта махуэшхуэ концерт гукъинэжьыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий къыдэкуэсахэм кІэщІу ягу къыгъэкІыжащ адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэр Къэралыгъуэм и махуэм зэрыхуэкІуар.

- Урысей Федерацэм хьихьу зи щхьэ и унафэ зыщІыжь къэралыгъуэ адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэм диІэ зэрыхъуам и фІыгъэкІ Іэмалыфі къытхукъуэкІащ щІыналъэм и экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ унэтІныныгъэхэм зедгъэужьыну. Тхыдэм урилъэжкмэ, пІалъэ кІэщІым кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхубэм яхуэзфІэкІащ гъащІэр, псэукІэр лъэныкъуэ куэдкІэ ирагъэфІэкІуэну, зэгуэр Урысейм и пІланэпэ къыкІэрыхухэм яхэту щыта щІыналъэм зэуэ экономикэ зыужьныныгъэ ирагъэгъуэтыну. А илъэсхэм адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэм тхыбзэ диІэ хъуащ, щІыхухэм щІэныгъэм зратащ, литературэм, гъуазджэм, узыншагъэр хъумэным, щІэныгъэм, щэнхабзэм зрагъэужьащ. 1991 гъэм республикэм и Совет Нэхъыщхьэм Къэрал суверенитетым и декларацэр къищта нэужь Къэбэрдей-Балъкъэрыр урысейпсо Іуэхум хыхьащ, Урысей Федерацэм и щІыналъэ зэрыхъуам и фІыгъэкІэ хуитныныгъэ нэхъыбэ иІэу. Республикэм нобэ исхэм, ягъэ ита нэхъыжьыфІхэм я хабзэ дахэхэм пащэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ехъулІэныгъэхэр нэхъри ягъэбагъуэ, я гуащІэрэ зэфІэкІрэ емыблэжу.

Зэманыр зэрыгугъуми емылъытауэ, щІыналъэм и социально-экономикэ зыужьныгъэр зэрахъумэным, инвестицэхэр къыдзэрыашэлІэным иджыри хущІокъу. Промышленностым, энергетикэм, мэкъумэш хозяйствэм, туризмэм, нэгъуэщІ унэтІныныгъэхэм ехьалІа инвестицэ проект инхэр ягъэзащІэ, технологие лъагэхэр зи лъабжьэ производствэхэр къыздэгъэпэщ, егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ, узыншагъэр хъумэнымрэ социальнэ Іэнатіэмрэ ехъулІэныгъэхэр яІэу мыхьэнэшхуэхэр зиІэ къалэн мытынышхэр щызэфІах. Республикэм щагъуэ иджырей школхэр, медицинэ центрхэр, сымаджэщхэр, поликлиникэхэр, щэнхабзэмкІэ уардэнэхэр, псэупІэ унэхэр, спорт Іэхэущ1анІэхэр, физкультурэ-узыншагъэр щагъэфІакІуэ комплексхэр. ЦІыхухэм къыхуэзрагъэпэщ нэхъ тыншу зэрыпсэуным, зэрылажьэным хуэунэтІа Іэхэущ1агъэхэр. ЩІыналъэм инфраструктурэр къыщагъэщІэрэщІэж, псэупІэхэр, гъуэгухэр щаухэу, информацэ технологиехэр къыщагъэсэбэп, кьалхэмрэ къуажэхэмрэ я теплъэр нэхъри ирагъэфІакІуэ, зрагъэужь.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Щэбэлъ

ЕхъулІэныгъэм хущІэкъухэр

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкі Іэ и Советым Щіалэгъуалэ палатэм хэтхэм я зэІущІэ щекІуэкІащ. Абы ирихьэлІащ КъБР-м и Парламентым и депутат Марьяш Нинэ.

ФЕДЕРАЦЭМКІЭ Советым и унафэщІ Матвиенкэ Валентинэ илъэситху хъуауэ палатэм хэтхэм ехъуэхъуащ. Абы кьыхигъэщащ щІалэгъуалэм а зэманым кьриубыдэу я Іуэху еплъыкІэмрэ мурадхэмрэ пхагъэкІыфу зыкъыззэрагъэлъэгъуар. Матвиенкэ Валентинэ жиІащ и щхьэ Іуэху закъуэм трамыщІыхьу, щІалэгъуалэр сэбэп хъуну зэрыхущІэкъуар, жылагъуэ, политикэ гъащІэм жыджэру зэрыхэтыр.

«Политик ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІымрэ жэуаплныгъэмрэ ельытащ Урысейм къэкІуэну зэманым зэрызиужьынур», - къыхигъэщащ абы.

Матвиенкэ палатэм хэтхэм фІыщІэ яхуищІащ сабиигъуэр, щІыуэпсыр зыужьныным, унагъуэщІэхэм защІэгъэкъуэным, нэгъуэщІ Іуэхухэмэ ахэр жыджэру зэрыхэлэжьыхьам папщІэ. ЕхъулІэныгъэ нэхъ ин дыдэу абы къиГъэлъэгъуащ «Урысей Федерацэм и къэрал щІалэгъуалэ политикэмрэ щІалэгъуалэмрэ я теухуауэ» Федеральнэ Законым и проектым ахэр зэрелэжьар икІи къэкІуэну зэманым Урысейм и Правительствэр абы хэлъауэ Къэрал Думэм иригъэхьыну зэрыщІигугъыр.

КъищынэмыщІауэ, Матвиенкэ Валентинэ къыхилъхьащ къэралым и щІыналъэхэм щІалэгъуалэ политикэр щегъэфІэкІуэным ехьэлІауэ хабзэр зэрыригъэфІэкІуэнум ахэр егупсысыну. Абы зэрыжиІамкІэ, щІалэгъуалэм нэхъ мыхьэнэ иІэу къыхалъхьэ жэрдэмхэр пхагъэкІынымкІэ дэІэпыкъуэгъу къахуэхъунущ сенаторхэри, комитет хэхахэм хэтхэри, Федерацэмкі Советым и аппаратри.

ЩІалэгъуалэр тепсэлъыхьащ «Сабиигъуэм и илъэсипщІ» программэм иджыри хагъэхьэ хъунумрэ абы теухуауэ щыІэ хабзэм дэщІыгъужьпхъэхэмрэ.

● КъБР-м и Парламентым

Пенсэ ныбжьым нэблэгъахэм зыщІагъэкъуэн папщІэ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым 2018 гъэм и бжьыхьэ лэжьыгъуэм и ятІэ зэІущІэр екІуэкІащ. Ар къыщыдзэІуихым, КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ жиІащ бжьыхьэ сессиер нэхъ кІэщІми, ар Іуэхугъуэ гъэщІэгъуэн куэдкІэ гъэнщІагъуэ зэрыщытынур.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ «Пенсэ ныбжьым нэблэгъахэм ягъуэтыну къэрал дэІэпыкъуныгъэм теухуауэ» КъБР-м и Хабзэм и проектым. «Урысей зэкъуэт» фракцэм и Іэтащхьэ, КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ Афэщіагъуэ Михаил жиІащ а законопроектым къызэрыщыгъэлъэгъуар «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыху щхьэхуэхэм къэрал, социальнэ дэІэпыкъуныгъэу иратым теухуауэ» КъБР-м и Хабзэм щІигъэбыдэ хуитныныгъэр цІыхухэр илъэс 60, цІыхубзыр - илъэс 55-рэ хъуамэ зэраІэрыхьэнур. Законопроектым елэжьа нэужь, КъБР-м и Парламентым и зэІущІэм щыхэплъэнущ.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ КъБР-м и хабзэхэм я проект зыбжанэм: «Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм и къэрал къулыкъухэм я Реестрым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «ЩІыуэпсыр хъумэнымкІэ цІыхубз кІэлъыплъныныгъэм ехьэлІауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хабзэм къару имыІэжу къэлъытэным и Іуэхукі э», «Пенсэм социальнэ ахъшэ дыщІагъун папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм пенсэм щыс и цІыхур 2019 гъэм ирипсэун щхьэкІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуеиныр уб зыхуным теухуауэ», нэгъуэщІхэми. ИужьрейрикІэ я мурадщ КъБР-м пенсэм щыс цІыхур 2019 гъэм ирипсэун щхьэкІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр УФ-м и федеральнэ законым щагъэбеладжьылам хуэдиз ящІыну.

Депутатхэр хэплъащ «Урысей Федерацэм и граждан процессуальнэ кодексым и 63-нэ Іыхьэм зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі э» федеральнэ законым. Законопроектыр теухуащ судым и унафэр зэрагъэзащІэ щыкІэр пыухыкІауэ зэрамыгъэбеладжьылам кьишэ гугъуехьхэр гъэзэкІуэжьыным.

ЗэІущІэм щызэпкърахащ федеральнэ хабзэхэм я проектхэр, законодательнэ жэрдэмхэр, УФ-м адрей и щІыналъэхэм КъБР-м и Парламентым зыкъыззэрыхуагъэзахэр.

КъБР-м и Парламентым зыкІэлъыкІуэ зи чэзу зэІущІэр фокІадэм и 27-м щекІуэкІнущ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1анІэ.

● Узыншагъэ

Перинатальнэ центрым и лэжьыгъэм арэзы ещІ

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и Жылагъуэ советым хэтхэу «Точка опоры» РОО-м и тхьэмадэм и къуэдзэ Къагъыармэс Юрэ, Сабий фондым и унафэщІ Умэ Светланэ, «КБДО «Диа-Лайф» РОО-м и директор Емыгъэхь Ольгэ, Урысейм и юристхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и аппаратым и унафэщІ Къалмыкъ Аллэ сымэ иджыблагъэ щыІащ республикэм и Наркодиспансерымрэ Перинатальнэ центрымрэ.

НАРКОДИСПАНСЕРЫМ и щІыкІэ-псэукІэр зрагъэлъэгъуа нэужь, Жылагъуэ советым хэтхэм жаІащ сымаджэщым и ятІуанэ къатым зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэр зэрыщегъэкІуэкІыпхъэр, тутыным, фадэм, наркотикым узыхуишэнкІэ хъунум теухуа хьыбархэр ди зэманым жылагъуэм я дэж псынщІэу нэзыкъэс социальнэ сайтхэр жыджэру къыззрамыгъэсэбэпыр. Ягу ирихьахэм щыщу къыхагъэщащ республикэм и дин Іуэхущ1анІэхэм я лЫкІуэхэм зэрадэлажьэр, Наркодиспансерым и реабилитацэ къудамэр хъарзынэу къыззрызэгъэпэщар.

Жылагъуэ советым и лЫкІуэхэр арэзы къищІащ Перинатальнэ центрым щалъэгъуахэм: гуапэ ящІыхъуащ анэхэм дохутырхэм щыгъуэ псалъэхэр зэрыхужаІэр, иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ уэздэ операцэ пащхэмкІэ къызэрызэгъэпэщар. КъэпщытакІуэ гупым центрым и къудамэ псоми я лэжьыгъэм зыщагъэгъуэзащ, абыхэм щІэлъ бзылъхугъэхэм упщІэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ зыхуагъэзащ.

Перинатальнэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ Гаевэ Алёнэ жиІащ зэман гъунэгъум кьриубыдэу миомэр зэрагъэхъуэ Іэзэкіэщ1эр я Іэнатіэм къыщагъэсэбэпу зэрыщІадзэнур, апхуэдэуи тепсэлъыхьащ я лэжьыгъэм щІэуэ къыхьыхьахэм.

КъэпщытакІуэ гупым ягу ирихьащ психологым и дэІэпыкъуныгъэ щыгъэтыну, сабийм узэрыкІэлъыплъынум зыщыхуеГъэсэфыну, дохутырхэм я чэнджэщ-хэм ущедэІуэфыну Анэм и еджапІэ центрым къызэрыщызэІуахар.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и Жылагъуэ советым хэтхэм жаІащ Перинатальнэ центрыр фІагъ лъагэ зиІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щагъуэт иджырей Іуэхущ1анІэу зэрыщытыр.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.

● Налшык

Жылагъуэдэсхэм я Іуэхур дагъэпсынщІэ

Налшык и Вольнэ Аул жылагъуэм къыщыззэІуахащ цІыхухэм Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр щыхуащІэ Іуэхущ1анІэ.

БРАМТЭМ и администрацэм и унафэщІ Жыгун Мурат жеІэ, жылэм щыпсэу цІыху мин 50-р, псом хуэмыдэу пенсионерхэмрэ зи ныбжь хэкІуэтахэмрэ зы дэфтэр къыззрыгуэкІ къыІахьи папщІэ къалэкумрэ «Искож» хьэблэмрэ дэт МФЦ-хэм нэс кІуэн хуей зэрыхъур, транспорт хъужьи ящІу. Аращ МФЦ-м и къудамэ къыззІуахьным щхьэусыгуэу хуэхъуари. Мы Іуэхущ1анІэм зы маазэм хуэзэу цІыху куэдым Іуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэр тыншу щагъуэтынущ. Вольнэ Аулым щыпсэухэм я мызакъуэу, абы екІуалІэ хъунущ дэтхэнэ зы налшыкдэсри. Жылагъуэ администрацэм и мурадщ мы дыхьэхэкІуэ зэман гъунэгъуэм Сбербанкым и терминалхэри ягъэувыну. Ари сэбэпышхуэ хъунущ коммуналнэ Іуэхутхьэбзэкэр гъунэгъуу икІи тыншу цІыхухэм ятыныжмкІэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Тхылъыщ1э

«Лъэмыж хъыринэ»

Налшык дэт «Полиграфсервис и Т» тхылъ тедзапІэм и бжыгъэр 200 хъуурэ иджыблагъэ къыщыдэкІащ усакІуэ Нэгъуей (Архэст) Радимэ и тхылъыщІэ. «Лъэмыж хъыринэ» зыфІищащ лэжьыгъэр абы и етІуанэщ, япэр («Уэс Іэпэхъ» уэс тхылъыр) 2013 гъэм дунейм къытехьауэ щытащ.

ГъАЩІЭМ хуэнабдзэгубдзапІэ бзылъхугъэм жиІэн и куэдщ, ар къызэриІуэтэн бзэ дахи иІэщ. Абы и щыхьэтщ тхылъым ихуа и Іэдакъэщ1экІэр: усэхэр, гущІагъущ1элъхэр, уэрэдхэр, Іуэтэжхэр. Усэхэр зытеухуа ельытауэ Іыхьэ-Іыхьэурэ гуэшыжащ. Псалъэм папщІэ, ахэр хохьэ «Анэ гущапІэу фІыгъуэр зи куэщІ...», «Си гукъэкІыжкэмкІэ сопсэу...», «Жащым вагъуэ лыдыр схуигъэуэсу...», «Мэзи губгъуи щиубгъуад...», «Анэшхуэ жьэгу», «Жьыгыр изогъэщхьыр гъащІэм...» жыхуиІэхэм.

Бзылъхугъэр нэхъыбэу зытеучсыхьыр лъагъуныгъэрщ, гъащІэм щигъэв-щигъахъэхэрщ, и гукъыдэжьыем ельытауэ ахэр къызэрыщІыхьрщ. «Езым дунейр щхъуэкІэплъыкІэу зэрилъагъум и щыхьэтщ абы лъагъуныгъэм теухуа и усэхэм псэ кьабзагъэ къызэхрыщІыр, гъащІэр гъэщІэгъуэн къыпщищІу. Ахэр Іупщ1у щынэрылъагъущ: «Лъагъуныгъэм и гъуэгу», «Лъагъуныгъэм иІэщ дамэ», «Гухэлъ Іэфі», «Сыпхуэзэщ», «ФІыуэ услъагъуну хуит сыкъэщІ», «Уи гур щхъуу кьигуфЫкІмэ» усэхэм, нэгъуэщІхэри», - щетх пэублэ псалъэм филологие щІэныгъэхэм я доктор Алъхъэс Светланэ.

- Нэгъуей Радимэ и усэхэм тхылъеджэр гуапагъэм, дахагъэм, дыкъэзыухъуреихь дунейм нэгъуэщІынэкІэ иригъэлІныщ. Абы и усэхэр псыежхэм хуэдэу къабзэщ, щІэщ1агъущ, уи псыхэлІэр изыгъэкІщ, - щыжеІэ тхылъым и корректор, публицист Мэлей ФатІимэ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Адыгэхэм я махуэм ехьэлІа Іуэхухэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XII Зэхуэсыщхуэмрэ къызэгъэпэщыныкІэ республикэ комитетым и зэІущІэ дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щыІэхэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и Администрацэм и унафэщІ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.

ДУНЕЙПСО Адыгэ Хасэм и XII Конгрессыр къызэрагъэпэщын папщІэ ящІэ лэжьыгъэм тепсэлъыхьащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэкъурокъуэ Хьэутий**. Абы жиІащ Тыркум щыІу 21-рэ къызэрикІынур, Иорданием - цІыхуи 4, Сирием - 6, Израилым - 1, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм - 4, США-м - 1, Германием - 7, Абхъазым - 2, Краснодар щІыналъэм - 3, Ставрополь - 2, Къэрэшей-Щэрджес Республикэм - 6, Адыгэ Республикэм - 8, Шапсыгъым - 5. КъызэрэпэщакІуэ гупым хэтхэр хэплъащ ДАХ-м и XII Зэхуэсым и программэр зэрыубзыхуар.

Адыгэхэм (щэрджэсхэм) я махуэр зэрырагъэкІуэкІынум тепсэлъыхьащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. Абы ехьэлІа дауэдапщэхэр республикэм и щІыналъэ псоми щекІуэкІынущ, фокІадэм и 14-м къыщыщІэдзауэ.

ЗэІущІэм и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Къэрдэн Мурат**, Налшык къалэм и щІыпІэ адміністрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфіыщ1э Мухьэмэд**, «Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зэщІэзыгъэІуэ совет» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэщІэхъеныгъэм и тхьэмадэ **Къалмыкъ Жылэбий**, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхущ1ам и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Къумыкъу Іэуес**, КъБР-м граждан жылагъуэ Іуэхущ1анІэхэм ядэпэжьэныныр лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и министр **КІурашин Анзор**, районхэм я Іэтащхьэхэр, абыхэм я къуэдзэхэр.

КЪАНЩАУЭ Мэлычпхъу.

● Дыгъуасэ

Махуэшхуэхэм зыхуагъэхьэзыр

щекІуэкІынущ, фокІадэм и 14-м къыщыщІэдзауэ.

ЗэІущІэм и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Къэрдэн Мурат**, Налшык къалэм и щІыпІэ адміністрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфіыщ1э Мухьэмэд**, «Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зэщІэзыгъэІуэ совет» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэщІэхъеныгъэм и тхьэмадэ **Къалмыкъ Жылэбий**, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхущ1ам и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Къумыкъу Іэуес**, КъБР-м граждан жылагъуэ Іуэхущ1анІэхэм ядэпэжьэныныр лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и министр **КІурашин Анзор**, районхэм я Іэтащхьэхэр, абыхэм я къуэдзэхэр.

КЪАНЩАУЭ Мэлычпхъу.

Валерие уэрэд жеIэ.

Къэралыгъуэм и махуэр зэдагъэлъапIэ

Амирамов Ефрем

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Быдэу си фIэщ мэхъу дыззкъуэувэмэ, сыт хуэдэ гуГуехьхэми дызэрыпэщIэтыфынур, ахэр кIыхьэднэкIыу адэкIи ди щIыналъэм зэрызытхуегъэужьынур. Къэбэрдей-Балъкъэрым и ехьулIэныгъэхэр нэхъыжьхэм кьытхуагъэна хъуГуэфIыгъуэхэмрэ щIэинхэмрэщ, цIыхубэм я гуащIэрщ. Кьыхэгъэщыпхъэщ абы и лъэныкъуэкIэ федеральнэ центрым, псом япэу Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир, республикэм и проектхэмрэ жэрдэмхэмрэ кьиэзрыддаIыгъар зэрыуасэншэр. Урысейм зы унагъуэшхуэу щызэкъуэт лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуащI иджырей урысей къэралыгъуэр гъэбыдэным-рэ абы зегъэужьынымрэ. Республикэм и цIыхубэр адэкIи я кьару еблэжынукъым Хэкур ирагъэфIэкIуэн, Урысейм и зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэныкмрэ и зэфIэкIкIм хэгъэхъуэнымрэ хуащI хэлъхьэныгъэр ягъэбэгъуэн папщIэ, - жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм.

Пшыхьыр езыгъэкIуэкIахэу телевиденэм и лэжьакIуэ, уэрэджыIакIуэ Аттаев Аэнюрэ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ КIэхумахуэ ФатIимэрэ къырихьэлIахэм я псальэм кьыхагъэщащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьам щIэдзапIэ хуэхъуэ тхыдэ напэкIуэцIхэм щыщ Іуэхугъуэм - XVI лIэщIыгъуэм Москва къэралыгъуэмрэ къэбэрдеипщхэмрэ яку дэлъа зэхущытыкIэхэм, пащтыхь гуащэ, адыгэ хъыджэбз Гуащэнэ (Марие) пащтыхь Иван IV (Грозный) еIуанэ щхьэгъусэ зэрыхуэхъуам.

ЗыкърезыгъэхьэлIахэм я Iэгуауэм щIэту пшыхьым щыжаIащ Урысей Федерацэм и цIыхубэ артисткэ Валерие «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артисткэ» цIэ лъапIэр зэрыхуагъэфэщар. Уэрэджыакуэр республикэм исхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэмкIэ гуапэу екъуэхъуащ икIи кьыхигъэщащ хьэщIагъэ ин кьыщIах, хьэуар щыкъабзэ, цIыхуэр щынэжагужь ди щIыналъэм къэкIуэну сыт щыгъуи зэрыфIэфI быдэр.

Пшыхь щIэщыгъуэм зыкърезыгъэхьэлIахэм артистхэм ягъэзащIа къафэ телъыджэхэмрэ гум дыхьэ уэрэдхэмрэ дзрэжэгъуэ кратауэ эзбгрыкIыжащ. ГуфIэгъуэ зэхьхьэ гуапэхэм я кIэухэу пщыхьащхьэм Театр щхьэнтIэм и пщIантIэм хьэрэкIытIэ щхьэжIапIуныкIэкэр щагъэлъэтащ.

Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIэ Юрий концерт нэужьым щIыналъэм исхэм я гъусэу къыщикIухьащ къагъэщIэрэщIэжа щэнхабзэ зыгъэпсэхупIэ паркым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэм теуухуа гуфIэгъуэ зэхьхьэхэр республикэм и къалэ, район псомиз гукъинэжу щагъэлъэпIащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Іуащхьэмахуэ щIыналъэ

Фэеплъ пэкIу

Терроризмэм пэщIэтынымкIэ щызэхъуэурэ махуэм Іуащхьэмахуэ районым и полицейхэм пэкIу ирагъэкIуэкIащ.

IУЭХУМ хэтащ Урысей МВД-м Іуащхьэмахуэ районымкIэ и къудамэм и унафэщIхэмрэ и лэжьакIуэхэмрэ, къудамэм дэлажь Жылагъуэ советым хэт АфIэунэ Дусэ.

Пэкlур щекIуэкIа Тырныауэз къалэм щыIэ Фэеплъ утым дэж щызэхуэсат Іуащхьэмахуэ районым и Администрацэм и лыкIуэхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, къалэм и еджакIуэхэр, Іуащхьэмахуэ районым щыпсэухэмрэ хьэщIэхэмрэ ящыщхэр.

Хабзэхъумэ Іэнатlэхэм я лIыкIуэхэм жаIащ терроризмэм хамышэфыну щIэблэ дзен папщIэ ахэр хэкупсэу, гуапагъэрэ зыгъэгъэрэ яхэлъу, ди мамырыгъэмрэ хуитныныгъэмрэ зи псэр щIэзыта лIыхъужьхэм яхуэзэфIэкIам и мыхьэнэр хагурыIуэу гъэсэн зэрыхуейр.

ЗэIущIэм кьыщыпсэлъахэм кьыхагъэщащ лей зезыхьэхэр пшэч зэрымыхъунур, цIыхум и гущIэкIэмрэ мамырыгъэмрэ нэхъ лъапIэ зэрыщымыщр.

Кьыщзэхэхэм удэ гъэгъэкIэр щагъэтIылъащ зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъым деж.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Іуэхущ Іапl э.

● Къулыкъу

Дармылым и IэнатIэщIэ

Урысей Федерацэм и Прокурор Нэхъыщхьэм къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыжь Дармыл Игорь Аслъэн и къуэр 2018 гъэм фокIадэм и 5-м кьыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым и къудамэм.

Дармыл И.А. 1959 гъэм кьалъхуащ, 1985 гъэм «правоведение» Іэщ Іагъэмкlэ Кубань къэрал университетыр кьиуащ. Прокуратурэм и органхэм 1988 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Зыпэрыхьа кьулыкъум ягъэувын и пэкIэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и прокурорым и къуэдзэу щытащ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Илъэс лэжьыгъэр къапщытэж

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Сурэтыщ Iэм я зэгухьэныгъэм и илъэс лэжьыгъэр кьыщыгъэщI и кьуэж. Гъэлъэгъуэныгъэ ди щIыналъэм и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу кьыщыщIэуахащ Ткаченко Александр и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ IгъуэзджэхэмкIэ музеим. Апхуэдэ зэхьхьэр, хабзэ дахэ хъуауэ, илъэс къэс кьыщызэрагъэпэщ, налшыкдзохэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ я гукъыдэжыр кьаIэту, куэдрэ зэхуэмыдзэф цIыхуэхэр щызэрыльагъуну, щызэпсэльэну Іэмал ирату.

- СЫТ щыгъуи хуэдэу щхьэжкIэпIыкIэ, екIу, зэмылIэужьыгъуэ хъуащ гъэлъэгъуэныгъэр, - жиIащ зэIущIэр кьыщызэIуихьм музеим и унафэщI **Емкен Еленэ**. - Республикэм щыпсэухэми хьэщIэхэми ар щIэщыгъуэ зэращыхъунум шэч кьытесхьэркъым.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Аминат псоми ехьэхъуащ махуэшхуэмкIэ, ди сурэтыщIхэм я зэфIэкIым, я зэчиим зэрыригушхуэр, абы яхузэфIэмыкIым щымыIэуи кьызэрильытэр кьыхигъэщащ. ФIыщIэшхуэ яхуищIащ сурэтыщIхэм щIэхуэ зэрагъэгушхуэ я Іэдакъэщ Іэкlэхэм папщIэ, я псэ къабзагъэм щхьэкIэ.

- Гъэлъэгъуэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ, уеблэмэ ипэ дыдэ итыр мыращ хужкIпIэ хъунущ мы зэIущIэм, ди лэжьакIуэхэм яхуэзфIэкIар кьегъэльагъуэри, - кьыхигъэщащ къыкIэлъыкIуэу къэпсэльапIэр хуит зыхуащIа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Сурэтыщ Iэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Темыркъан Геннадий. - Гуапэщ нобэ Урысейм Художествэхэмкlэ и академием (Москва) адыгэ щIалэ Гъущ Іапщэ Арсен и скульптурэхэм я гъэлъэгъуэныгъэр кьиэзрыщыщIэуахьыр. Абы иджыри зэ наIуэ тщещI ди сурэтыщIхэм я цIэ жьыжь зэрыщыIуар, я зэфIэкIыр куэдым зэращIэр.

Темыркъаным кьыхигъэщащ Сирием щыщ сурэтыщIу ди республикэр пIалъэкIэ псэупIэ зыхуэхъуахэм я лэжьыгъэхэри утыку кьиэзрыхьар. Урысей Федерацэм и цIыхубэ сурэтыщI Пащты Герман кьиэзхуэса псоми ехьэхъуащ, махуэшхуэ куэд зыгъэлъапIэн, мамырыгъэр зиIэн лъэпкъ дэтхэнэри хъуну зэригупэри жиIащ. «УФ-м и Сурэтыщ Iхэм я зэгухьэныгъэми Художествэхэмкlэ и академиеми хэтхэм я лэжьыгъэхэри мыбы зэрыщагъэльагъуэм мыкъэнэшхуэ иIэщ, - кьыхигъэщащ абы. - Си республикэм и Іэпщ Іэльапщ Іэхэм я зэфIэкI сльагъуныр, ахэр утыкушхуэхэм зэрихьэр си нэгу щIэкIынырсызыгъэин Іэхуащ».

Гъэлъэгъуэныгъэм хэтщ, псалъэм папщIэ, Ермолаевэ Аннэ, Балъкъэр-Хьэмы ФатIимэт, ДышцэI Мурат, Джанкишиев Ибрэхьим, Гуданаев Борис, Аккизов Чэрим, Пащты Герман, Избашев Мурат, Пак Галинэ, Гаполаев Николай, Мамоновэ Светланэ, Тхьэзэплъыкъ Руслан, Аккизовэ Имарэ, Мэзпо Руслан сымэ, нэгъуэщIхэми я лэжьыгъэхэр - сурэтхэр, графикэ Іэрыкlхэр, пхъэм кьыхэщIыкIа хьэпшыпхэр, арджэнхэр, дыжьын бгырыпххэр, Іэлъынхэр, пщэхъуэхэр, тепщэчхэр, Іэмал зэхуэмыдзэхэмкIэ щIа скульптурэхэр, нэгъуэщI Іэджи.

ЖкIыпIэнурамэ, зи гукъыдэжыр кьэзыIэтыну, ди сурэтыщIхэм я зэфIэкIым иджыри зэ щыщызыгъэгъуэзэну хуейкэм Сурэтыщ Iгъуэзджэхэмкlэ музеим и бжэр яхуэзIухащ.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ХьэIупщы МуIэед TIалэ и къуэр

Хабзэ, нэмыс хэлъу, и лэжьыгъэми, и унагъуэми, и Іыхьлы-благъэхэми яхуэпэжу дунейм тета цIыху тхэщIащ республикэм и щэнхабзэ Іэнатlэм пэрытхэм - фокIадэм и 1-м дунейм ехьыжащ КъБР-м и ТхакIуэхэми Журналистхэми я зэгухьэныгъэхэм хэта, «Іуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь ХьэIупщы МуIэед.

ХьэIупщы МуIэед TIалэ и къуэр КъБАССР-м хыхьэ КъуэлъкъужьИ Ищхьэрэ кьуажэм 1952 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м кьыщалъхуащ. 1970 гъэм школыр кьиухри, илъэскIэ ар ууаIэкIуэхэм яхэту лэжащ, 1971 - 1973 гъэхэм советыдзэм кьулыкъу щищIащ.

ЦIыхь пылъу, нэхъ жанхэм хабжэу ирихьэкIащ абы и дзэ кьалэныр. Журналистикэм щыпхиша и гъэзугум кьыщыщIидзари абы щыгъуэщ. «На стране Родины» газетым ХьэIупщым и тхыгъэхэр кьытрыригъадзэурэ я Іэщ Іагъэм хэпщIауэ, абы дихьхьауэ МуIэед кьигъэзэжат кьыщалъхуа кьуажэм.

НыбжьыщIэхэм щапхъэу яхуэбгъэльагъуэ хъуну хьэл-щэн зыхэлъ щIалэр 1973 гъэм ирагъэблагъэщ я кьуажэм дэт ещанэ курыт школым икIи щIэблэр Іэщ Іагъэхэм хуегъэджэнымкIэ мастеру, абы и лъэщапIэм и унафэщIу лэжащ. КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетыр фIыкIэ зи цIэ ЯрапIуэхэм хабжэу 1979 гъэм кьиуха нэужь, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу ягъэуври, а Іэнатlэми итIэситIкIэ пэрытащ.

1981 гъэ пщIондэ абы щыпэжьауэ, и Іэнатlэр ихъуэжьын хуей хъуащ ХьэIупщым - ар джэдкъаз щагъаныз «Куба» заводым бригадиру кIуащ. Ауэ тхэным щIэхъуэпс щIалэм и псэр абы щызэгъакъым. 1981 гъэм абы кьыуакIыжри, КъБАССР-м телевиденэмрэ радиомкIэ и ветеринуэ ваущ - ар кьащтащ радиом и корреспондентэу. Кьигъэльагъуэ зэфIэкIым щхьэкIэ кьулыкъукIэ драгъэкIуэтейуэрэ ар лэжьащ радиом и редактору, редактор нэхъыжьу. Зи нэтынкэр купщIафIэ, цIыхухэм фIыщIэ кьыхуащIу кьыпэджжэу зэжэзыгъэувэ ХьэIупщым гу кьыпытэри, 1990 гъэм ар «Іуащхьэмахуэ» журналым ирагъэблагъащ. ИужькIэ ар щытащ «Эльбрус» тхыльэ тедзапIэм и редактору, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретару, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспонденту.

2006 гъэм ХьэIупщым «Іуащхьэмахуэ» журналым игъэзэжащ икIи абы публицистикэмкIэ и къудамэм и унафэщIу илъэси 8-кIэ щыIэжьащ. 2014 гъэм кьыщыщIидзауэ абы ирихьэкIащ журналым жэуап зыхь и секретарым и кьупыкъуэр.

ТхыльедджэхэмфIыуэ яцIыху ХьэIупщы-тхакIуэм и хъэтIыр икIи и Іэдакъэщ Іэкlхэр гунэс ящохъу. ЦIыхупсэм щыхъэхэр, абы игъэвар нэсу езым зэрызыхищIар кьигъэльагъуэрэ и тхылъхэр кьэзыщтэхэми ягу кьипсэлъыкIыу апхуэдэщ МуIэед и Іэдакъэщ Іэкlхэр. Абы кьыдигъэкIахэм ящыщщ «Кьулъкъужьын макъамэхэр», «Хуэрэджейр мэгъагъэ» зыфIица и тхылъхэр.

ЦIыху хъэлэту, гумащIэу кьытхэтащ МуIэед, апхуэдэуи ягу илъынущ ар ныбжьэгъугъэкIи, лэжьыгъэкIи, унагъэкIи зыпыщIауэ щыта псоми.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэр,
«Адыгэ псалъэ» газетым, «Іуащхьэмахуэ» журналым,
«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм,
КъБР-м и радиом я лэжьакIуэхэр,
Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр.

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 8, *щIэбэт*

♦**ЩIэныгъэ зэгъэгъуэтыным и дунейпсо махуэщ.** ООН-м щIэныгъэшагъэр гъэкIуэдыным теухуауэ кьыщта унафэм ипкъ иткIэ ягъэувауэ 1966 гъэ лъандэрэ ягъэлъапIэ.

♦**Журналистхэм я зэкъуэтныгъэм и дунейпсо махуэщ.** Фашизмэм и бийхэм ящыщ чех журналист Фучик Юлиус Берлин и тутнакъэщ Плётцензее 1943 гъэм фокIадэм и 8-м гуузу щауэкIауэ щытащ.

♦**Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ - Кутузов Михаил зи унафэщI урысеидзэм Бородино и деж щригъэкIуэкIа зауэшхуэм и махуэщ**

♦**Финансистым и махуэщ**

♦**1636 гъэм** Гарвард университетыр - США-м и еджапIэ нэхъыжь дыдэхэм икIи нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщ зыр - кьыззрагъэпэщащ.

♦**1941 гъэм** Ленинград кьалэр фашистыдзэхэм къаухъуреихьащ. А къатIхъэнЫр щызэпатхыфар 1944 гъэм щIышылэм и 27-рщ. А зэманым кьрубыдэу кьалэдзэ мин 600-м щIигъу мэжжщIалIагъэм ихьащ, нэмыцэ кхъухьлатэхэм кьрадзых лагъымхэр кьатехуэурэ зэкIуэдащ.

♦Пушкин Александр и щхьэгъусэу щыта **Гончаровэ Натальие** кьыззраль-хурэ илъэс 206-рэ ирокъу.

♦Дагъыстэным и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лжьыгъэм и ЛIыхъужь, Лениным и цIэр зезыхьэ, СССР-м и Кьэрал саугъэтхэм я ехьулIэныгъэ **Гамзатов Расул** кьыззраль-хурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ, КъБР-м и Парламентым и депутату щыта **Кьандэхъу Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIэдакIуэев Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

ФокIадэм и 9, *тхьэмахуэ*

♦**Дахагъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Кьурум и дунейпсо махуэщ**

♦**Танкистым и махуэщ.** 1946 гъэм Москва и Утыку ПлъыжьыщIэ щыкIуэ-кIащ танк дивизэм, Кантемировэ я цIэр зезыхьэм, и парад. Абы лъандэрэ фокIадэм и етIуанэ тхьэмахуэ махуэр а дзэ лIэужьыгъуэм и махуэщ. Ар щагъэлъапIэ Белоруссиеми Украинэми.

♦**Дизайнер-графиким и махуэщ**

♦**Таджикистан Республикэм и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ**

♦**Молдовэ Республикэм и кьэрал шныагъэушагъэр кьызэзыгъэпэщ лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**Кьэзакъстаным щагъэлъапIэ унагъуэм и махуэр.** 2013 гъэм кьыщыщIэдзауэ фокIадэм и етIуанэ тхьэмахуэ махуэм ягъэлъапIэ.

♦**1776 гъэм** Америкэм и колание зэгуэтхэм я щIэр Америкэм и Штат 3-гуэтхэр жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦**1893 гъэм** Германием «Штутгарт» футбол клубыр кьыщыщIэдзапэщащ.

♦**1984 гъэм** Москва щыщIидзащ шахматхэмкIэ дунейм и чемпион цIэм щIэбэнхэу Карпов Анатолийрэ Каспаров Гаррирэ я зэпеуэр. Ар мазитхукIэ екIуэкIащ икIи куэдыгъуэ щIауэ зэрыгъэрытемыгъакIуэм кьыхэкIыу зэпагъэун хуей хъуауэ щытащ.

♦**1970 гъэм** Волжскэ автозаводым «ВАЗ-2101» (Жигули) автомашинэ пIэужьыгъуэр кьыщигъэкIыу щIидзащ. ЦIыхубэр абы «кIэпIейкIэкIэ» еджэрт.

♦**1999 гъэм** Москва Гурьяновым и цIэр зезыхьэ и уэрамым щалэжьа терактым и зэранкIэ псэупIэ унэхэм ящыщ къуэущ. Абы цIыхуи 106-рэ хэкIуэдащ.

♦Урыс тхакIуэшхуэ, дунейпсо литературэм и классик **Толстой Лев** кьыззраль-хурэ илъэси 190-рэ ирокъу.

♦Шапсыгъ джэгуакIуэ **ЩхьэлахъуэАлий** кьыззраль-хурэ илъэси 88-рэ ирокъу.

♦Совет усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, сабийхэм яхуэтхэу щыта **Заходер Борис** кьыззраль-хурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Совет уэрэджыIакIуэ, композитор, СССР-м и цIыхубэ артист **Гуляев Юрий** кьыззраль-хурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Румянцевэ Надеждэ** кьыззраль-хурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Шапсыгъ сурэтыщI, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и художник **Хьэпышт Хьисэ** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Мысрокъуэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Адыгей сурэтыщI **Гъэгунокъуэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 13 -16 щыхъунущ.

ФокIадэм и 10, *блыщхьэ*

♦**ЦIыхуэм зиукIыжныр къэмыгъэхъуным и дунейпсо махуэщ**

♦**Китайм щагъэлъапIэ егъэджакIуэм и махуэр**

♦**1492 гъэм** Урысейм и унафэщI Иван Ещанэм Илъэсыщ Iэр щагъэлъапIэ пIалъэр игъэIэпхъуауэ щытащ. Абы и унафэкIэ ар гъатхэпэм и 1-м ирахри, фокIадэм и 1-м яхьауэ щытащ.

♦**1721 гъэм** Урысеймрэ Швециемрэ илъэс 21-кIэ ирагъэкIуэкIа Ищхьэрэ зауэр иухащ.

♦**1725 гъэм** Невский Александр и орденыр кьащтащ.

♦**1756 гъэм** Санкт-Петербург Урыс театр кьыщыщIэзрагъэпэщащ. Иджы ар драмэмкIэ Урысей кьэрал академие театрырщ, Пушкин Александр и цIэр зезыхьэрщ.

♦**1940 гъэм** СССР-м паспортхэр тыным теухуа унафэ кьыщащтащ.

♦**1960 гъэм** Багдад щекIуэкI конференцым кьыщыщIэзрагъэпэщащ щыдгагъэ зыщэ кьэралхэм я зэгухьэныгъэр - ОПЕК-р.

♦**1984 гъэм** инджылыз генетик Джеффриз Алек ДНК-м и гъэщIэгъуэнагъэр кьихутащ. Іэпапlэхэми ещхьу, зи ДНК-хэр зэщхь цIыхуитI дунейм теткъым.

♦КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, тхакIуэ, драматург **Щоджэнцыкlу Іэдэм** кьызэраль-хурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бажэнэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **КIэнцIэлий Лиуан** кьыззраль-хурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и юрист, нагъыщэ нэхъыщхьэ зиIэ хеящIэ **Кьунаш Адэлбий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦СССР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Кьаншыкъуей Риммэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Кьэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, политик **Сохъу Владимир** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Костолевский Игорь** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦«Адыгэ макъ» газетым и обозревательэ **ЕмтIылъ Нурбий** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ, актрисэ **Долинэ Лариса** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

ЗыгъэхьэзырарЗ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гунэс ямыщI саугъэт умыщI.

● Гу зылъытапхъэ

Нэхъ жыджэрхэр къыхахынущ

КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм хагъэхьэнуэрэр къыхахын щIадзащ.

РЕСПУБЛИКЭ, щIыпIэ жылагъуэ Іэхущ Іапl эхэм, муниципальнэ районхэмрэ къалэ окруэхэмрэ самоуправленэмкIэ я органхэм епхъуэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм, политикэ партэм я щIыналъэ къудамэхэм, студент зэгухьэныгъэхэм къабгъэдэкIыу КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм зи лIыкIуэкIэ хэзыгъэхьэну хуейкэм КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэнныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Іуэхущхьэкlэ и комитетым мыпхуэдэ дзэптэрэр ирагъэхьапхъэщ: къэзыбгъэдэкI Іуэхущ Іапl эм и унафэр, хьыхьну зэрыхуейр хабзэм тету кьыщыгъэльэгъуэ тхыгъэр, Іуэхущ Іапl эм щылажьэ цIыху бжыгъэр, ЩIалэгъуалэ палатэм хагъэхьэну къагъэльагъуэм теуухуа тхыгъэ, абы и паспортымрэ къиуха еджапIэм и дипломымрэ копие техуэу, щылажьэ щIыпIэм къыIиха тхыгъэр. Копие зытраха псомиз мыхъыр тельапхъэщ.

Дэфтэрхэр 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 6 пщIондэ Налшык къалэм, Лениным и цIэр зезыхьэ эрамым тет 55-нэ унэм и 107-нэ пэшым къахьын хуейщ.

Зэпеуэм теухуауэ хьыбар нэхъыбэ кьывжаIэнущ 42-60-84, 40-45-26 телефонхэмкIэ фыпсалъэмэ

Зэпеуэм фыхэт

Кавказ Ищхьэрэм и Хъыбарегъащ Іэ Іэнатlэхэм я ассоциацэмрэ жылагъуэ жэрдэмхэмкIэ «Кавказ Ищхьэрэ» хэгъэгуэзэхуакъу центрымрэ журналистхэр, блогерхэр, пресс-секретархэр, къэрал кьулыкъущIэхэм я PR Іэщ Іагъэлlхэр «Медиа-Кавказ» зэпеуэм хэтыну ирагъэблагъэ.

ЖУРНАЛИСТХЭМ я лэжьыгъэхэр (*тхыгъэ, сурэт зэпэджэжхэр, видеонэтыныхэр*) Іуэхущ Іапl эм щыщ щытынущ:

«Спортым диехьх Кавказ» *(спортым ехьэлIа лэжьыгъэхэр)*

«Кавказым и щIыхьхэр» *(унэтIныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщIэрыIуэ ди лъахэгъуэхэм ятеуухуауэ)*

«Кавказым и щIыуэпс телъыджэр» *(ди щIыналъэм и щIыуэпс бейм теуухуауэ)*

«ХьэщIэхуэфI Кавказ» *(туризмэм зегъэужьыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр)*

«Кавказыр дыжъэхъумэ» *(дыкъэзыухъурееихь дунейр хъумэн зэрыхуейр кьыхьэщIэх)*

«Кавказыр щынагъэнщэмэ» *(щынагъэнщагъэр кьыззгъэпэщыным, абы цIыхуэхэр кьыхуеджэным хуэгъэпса лэжьыгъэхэр)*

Зэпеуэм и хабзэхэм зыщыщIэгъэзэнымэ е абы фыхэтыну фытегушхуэмэ, «медиакавказ.рф» сайтым лъэIу тхылъхэр евгъэхь хъунущ.

Кавказ Ищхьэрэм и Хъыбарегъащ Іэ Іэнатlэхэм я ассоциацэ.

Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

Иджырей тырку романым и лъабжьэр зыгъэтІылъа

Нобель саугъэтым и лауреат Памук Орхъан

1952 гъэм мэкъуауэгъуэм и 7-м Истамбул къыщалъхуа Памук Орхъан дунейм щынэхъ тхакІуэ щІэрыІуэхэм ящыщщ. Абы Тыркум, Германием, Франджым, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм литературэмкІэ я саугъэт бжыгъэншэхэр къихьащ, ауэ псом ящхьэж хъущ 2006 гъэм Нобель и саугъэтыр къыхэзыхуагъэфэщар. Тырку къэралыгъуэм щыщу а дамыгъэ лъапІэ дыдэр ялъэ зратар Памукщ, ныбжькІэ щІалэу апхуэдэ лъытэныгъэ лъагэ зыгъуэтахэми ар ящыщ зыщ.

ПАМУК Орхъан и Іэдакъэщ!экІхэр бзэ 63-кІэ зэрадзэкІащ, къэрал куэдым абы и тхылъхэр мелуан 13 нэхърэ нэхъыбэу къыщыдагъэкІащ. США-м къыщыдзкІ «Тайм» журналым 2006 гъэм къызэригъэлъэгъуамкІэ, Памук Орхъан хабжащ Іуныдж нэхъ ин дыдэ дуней псом щызиІэ цІыхуищэм.

Хэкур залымыгъэкІэ ирагъэбгынэу Тырким и къухьэпІэбгъур, Измир къалэшхуэм пэмыжыжьэ Манисэ къаІэм и Іэхэпъахэр псэупІэ зыхэхъуа адыгэхэм ящыщщ Памук Орхъан къыщыхъуа унагъуэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, тхакІуэ цІэрыІуэр къызыхэкІар сыт хуэдэ адыгэ лІакъуэми, зэрахьэу щыта адыгэ унэцІэри зыщІэ щыІэжкъым, ешы Орхъани ищІэжкъым, ауэ зэрыадыгэми шэч хэлъкъым. Унагъуэр иужькІэ Измир Іэпхъуащ, абы тІэкІуэр щыпсэгъуэу, Истамбул къэІэпхъуэжащ икІи 1952 гъэм Орхъан а къалэм къыщалъхуащ. Абы и адэшхуэри, и адэри, и адэкъуэшри я Іэщ!агъэкІэ инженерт. Орхъан и адэр ІВМ жьхуаІэ американ фирмэшхуэм и къудамэу Тыркум щыІэм и нэхъыщхьэу щытащ, и анэри, Шэкурэ гуащэ, унагъуэ зырыхьым къыхэкІат - 1700 гъэхэм Гирит къуажэм и уэлийуэ щыта Абрэхьим пащэ и щІэблэм щыщт. И къуэш нэхъыжь Памук ШЭуэкт Истамбул дэт Босфор университетым щрегъаджэ, экономикэм и тхыдэмкІэ профессорщ. Памук Орхъан ныбжьыкІуэ, зыщапІа унагъуэм и «шыфэлыІефэр» белджылыуэ хыболъагъуэ 1982 гъэм тхакІуэм и Іэдакъэ къыщІэкІауэ дунейм къытехьа «Джэудэт-бейрэ и къуэхэмрэ» романым. НэгъуэщІу жыпІэмэ, езыр къызыхэхъукІам ещхь зы унагъуэ а тхыгъэм къыщегъэльагъуэ.

Дуней псом къыщащІыху тхакІуэм и сабиигъуэмрэ щІэлэгъуэмрэ щыкІуар Истамбул и хьэблэхэм щыщу нэхъ къулейкэм я тІысыпІэу ялъытэ Нишанташкі Іэ зэджэращ. Илъэс куэдкІэ Орхъан щІэхъуэпсащ сурэтыщІ Іэзэ хъуну. Апхуэдэ пщІыхьэпІэ-хъуэпсапІэхэм зэщІаІыгъуэ ар щІэтІысхьащ унагъуэ бейхэм уасэ хъарзынэ щІату я бынхэр щрагъаджэ Рабырт колледжым. Ар къиуха нэужь, Истамбыл дэт техникэ университетым архитектурэр щаджк!удамэми макІуэ, ауэ архитектори сурэтыщІи зэрымыхъунур щІэжыу кьыгурыІуэри, еджапІэм кьэпокІыж. Махуэ къэс умыкІуэми хъууэ журналистикэм щыхурагъаджэ институтым щІэтІысхьэжа нэужьщ Орхъан тхэн Іуэхум зэман нэхъыбэ хухихыф щыхъуар. А еджапІэ нэхъыщхьэр хъарзынэу кьеух, аспирантурэми зрепщыт, арщхьэкІэ щІэныгъэрылажьэ хъуну гукъыдэж иІэтэкъыми, а Іуэхури псынщІэу хьфІедзэж.

1982 гъэм Памук Орхъан щхьэгъуэ хуэхъуащ унагъуэ хуэщІам япхъу Тюргепон Айлин. НысащІэмрэ щауэмрэ зы хьэблэм къыщыхъуауэ фІыуэ зэрыщІыхьт. 1991 гъэм зэщхьэгъусэхэм хъыдджэбз цІыкІу къахэхъуати, абы фІаща Рюйа цІэр Памук и «Тхылъ фІыцІэ» романым кьыхахащ. Абы иужькІэ иджыри илъэси 10-кІэ зэбгъэдэсауэ, зэщхьэгъусэхэр зыр зым пэрыуэгъу хуэмыхъун щхьэкІэ зэгурыІуэри, 2001 гъэм зэбгъэдокІыж, ауэ я хъыджэбзыр зэдапІащ, зэрыгъэбмин, зэрыгъэхамэнэр щыгъэтауэ, зэныбжьэгъу пэжу иджы кьыздэсым зэхущытщ.

Памук Орхъан тхэн щыщІидзар 1974 гъэращ. Илъэситху докІри, дунейм кьытохьэ абы и яп романыр, «КІыбІрэ нэхурэ» зыфІищар, икІи газет гуэрым игъэув литературэ саугъэтыр а тхыгъэм кьыхуагъэфащэ. ТхакІуэр романым фІыуэ холъжьыхьыж, кьыщиІэт Іуэхугъуэхэм зрегъэжь, зрегъэубгъу икІи «Джэудэт беймрэ и къуэхэмрэ» фІэщыгъэщІэр иІэу 1982 гъэм кьыдегъэкІыж, абыкІи нэгъуэщІ саугъэт хъарзынэ пІэм кьыпокІыж. Махуэ кьэс умыкІуэми хъууэ журналистикэм щыхурагъаджэ институтым кьахьхуагъэфащэуэрэ къогъуэгурыкІуэ. 1984 гъэм итха «Унэ даущынщэ» романыр франджыбзэкІэ 1991 гъэм кьыдагъэкІ, «Быдапі э хужь» романым 1990 гъэм США-м саугъэт лъапІэ кьыщехь. «Уэс» политикэ романыр 2004 гъэм хагъэхащ а къэралым кьыщыдзкІа тхылъ нэхъыфІи 10-м. Апхуэдэу екІуэкІыуэ Памук Орхъан ящыщ хъуащ дуней псом кьыщацІыху, зи тхылъхэр щызІэпах тхакІуэхэм ящыщ зы.

1998 гъэм кьыдзкІа «Сэ си цІэр Плъыжьщ» романыр бзэ 24-кІэ зэрадзэкІащ, апхуэдэуи Ирландием щагъэуува литературэ саугъэт нэхъыщхьэри а романым кьрат.

Айовэ университетым иригъэкІуэкІ щІэныгъэ программэм хэту Памук Орхъан Америкэм щыІащ 1985 - 1988 гъэхэм. ТхакІуэ щІалэм и зэхэщІыкІымрэ и дуней еплъыкІэмрэ я къэухым а курсым апхуэдизкІэ зригъэужьати, езым зэрыжиІауэ «и гъащІэ псом зихъуэжьнри абы кърикІуащ». И яп тхылъым щегъэжьауэ Памук и Іэдакъэ къыщІэкІыу хъуар цІыхухэм ящхэурт, литературэджэмрэ критикхэмрэ я щытхъу къахьыжт. Абы и романхэр пост-модерн жыхуаІэ лІужьыгъуэм хабжэр. Хабжэ къудейуэ къэмынэжу, «Быдапі э хужь», «Тхылъ фІыцІэ», «Гъащ!эщІэ», «Си цІэр Плъыжьщ», «Уэс» романхэр а лІэужьыгъуэм и курыхыу, и щапхъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къагъэлъагъуэ Іэщ!агъэлІхэм. Орхъан и Іэдакъэщ!экІхэр «зэрипсыхь» Іэмэпсымэхэм щыщщ дыгъуасэ-нобз, къухьэпІэ-къэжьлпІэ, классикэ-иджырей, жьы-щІэ хуэдэ гупсысэ зэпэувэхэмрэ еплъыкІэ зэблэуэхэмрэ. Памук и романхэм лІыхъужь пІэщ куэд хэтщ.

ТЫРКУ романым и лъабжьэр адыгэлІ Мидхьэт (Хьэгъур) Ахьмэд игъэтІылъамэ, Памук Орхъан тырку литературэм и къэгъэщыпІэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зы, иджырей романым и лъабжьэр зыгъэтІылъа икІи зезыгъэужьа тхакІуэу, модернизмкІэ зэджэ лІэужьыгъуэм и лъагъуэхэш хъуауэ пльытэ хъунущ. Памук романист Іэзэу зэрыщытым къыщымынэу, жылагъуэ, льэпкъ, жылагъуэ зэхэтыкІэ Іуэхухэм холожьхьэ, цІыхум хуэфащэ псэукІэм, хуитныгъэхэм, демократием къызэщІибубдэ гурыІуэныгъэхэм йогупсыс икІи и гурылъхэр щІэныгъэ зэхьыхьэхэмрэ журналист зэІущІэхэмрэ щІэмыщтэжу къыщеІуатэ. Апхуэдэ интервьюхэм ящыщ зым, 2005 гъэм «Das Magazin» журналым (Швейцариемрэ къыщыдокІ) и лэжьакІуэм щепсэлъам, Памук Орхъан къыхигъэщащ Тыркум хьыхэ Анадолэ щыналъэм «курд мин 30-рэ мелуаным нэблагъэ ермэлырэ щауКІауэ, ауэ апхуэдэ къэхъукъащІэ зэрыщыІар езым фІэкІа зыми хуэмымыІауэ». Ар зэрыжиІам щхьэкІэ Орхъан судым ират, Тырку къэралыгъуэр зыгъэпуд псалъэхэр жиІауэ, пцІы иупсауэ жаІэри. Ауэ иужькІэ судри трахьжащ, къаугъэ къызэрыкІа псалъэмакъри кІэщуэщ хьужащ, тхакІуэ цІэрыІуэм апхуэдэ гуэр жиІами ягъэ емыкІауэ, хуагъэгъуэ щыкІэу.

2006 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м Памук Орхъан, Нобель саугъэтхэтрари, дуней псом щыцІэрыІуэ хъуащ. Абы и Іэдакъэщ!экІхэр зэрадзэкІыуэрэ къыщыдагъэкІащ къэралри 100-м щІигъум. И адыгагъэмрэ адыгъэбзэмрэ фІэмыкІуэду, нарт хъыбарыкІэхэм, пасэрей льэпкъ Іуэрылуатэм, ди льэпкъ тхакІуэхэм я Іэдакъэщ!экІхэм еджэгъэ къэтэджатэмэ, Тхьэм ещІэ абы хуээфІэкІыну щытам и инагъыр!.. Апхуэдэу щыт пэтми, ди гуапэу Памук Орхъан дохъуэхъу узынщагъэ быдэ иІэну, ефІэкІуэну, нэхъыбэрэ и адыгагъэр кьызыхигъэщыну, и тхыгъэфІхэмкІэ дигъэгушхуэну.

ХЪУАЖЬ Фахьри,
«Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель.

НАУРЗОКЪУЭ Мыхьмуд

Си пасэрей адыгэ

Сыт хуэдэ бийри хагъащІэу
ЛІыгъэр я бащэу нартыкъхэт...
Фызыхуэзгъадэ щымыІэу,
Фи щІыхьыр лъагэу соІэт.
Фэ фыхуэпэжти фи псалъэм,
ДзитІ зыІуалъ кьамэу вгъэдалъэт...
Фи шылъэмакъым бийр дэгулэзу
Фэ фыпсэуащи, сэ фызинабдзэщ.

* * *

Сызыщыщ лъэпкъым и
нэхъыжьым
И къамэр къыщрихкІэ,
дунейр зэтоувыІэр.
Тхыдэжьри къызопльэкІ,
Псоми ящІэнур ямыщІэу -
Поплъэ адэкІэ кьэхъунур
зищІысым.

Мысыр, Каир

УДЖЫХЪУ Исам

Тхьдэ гъуэгуанэхэм я джэрпэджэжэр

Жэщ зекІуэныр кьохъу
Къыщыхэхъыжьэ
Си гупсысэ щхьэм кьищхьэрыуам.
Сыхешэжри
Зэман блэкІа жыжьэм,
Кьобэуэжьыр тхыдэм и хьэуар.
Сытехьащ ныжэби
А гуэягу жыжьэм,
Гъуэгум тхыдэр
къытызоджькІыж.
ЛІэщІыгъуищэ ныбжьхэм
Я лъэужьу
Зы гъуэгу Іыхьэ пащхьэм
щотэджыж:
Мыр си лъахэм
И лъэхъонэ дыщэщ,
Нартыжь лъапсэм
хабзэр щопшууей.
Адыгэжь и хабзэр
Хуэхъуу фащэ,
Си лъэпкъыщхьэм
къыдопльэй дунейр...

Нэгум щІэтщ иджы
НэгъуэщІ лъахъэнэ:
Адэжь хэкум топкІэ кьыхэуа
Бийм пэщІэтщ бгырысыр
ЛІэн-къэнэну,
Хунтыныгъэщ
лъэпкъыр щІэзэуар.
Губжьым,
Зауэм
Ехьыр псори, ешхыр,
Лей зэрахьэм мывэр кьигъэчащ.
Ауэ игъэлъахъшэу и щхьэр,
Лъахэм
Бийм мэскъалкІэ худимычыха...

Гъуэгу ещанэр -
Ар Истамбылакіуэщ:
Гур зыкъуэтэ гъуэгум я гъуэгуж, -
Сабий кьупщхьэ
Гъуэгум телъщ Іэпі ІакІуэу,
Лыжь жьакІэхум
и щхьэр егъеиж.
Гъатхэ пщІащэу
ЩІалэ, пщащэ шырхэр,
Зи къабзагъ, дахагъэр зэнэнымс
Пщащэхэр ящІащи гъэр
Хьэ щыльхухэм,
Гъыбзэ кэьІум
къожэбзэхыр нэпс.
Хы фІыщІэжьым и толъкъун
Къэджалэм
Къэгъэзэнщэу жьэдельафэ
КЪЪУХЬ.
Зы лъэпкъ псо
Щысхьынщэу ягъэджалъэ,
Зы лъэпкъ псо
щІыгушхуэм щракъухь.
Гъунэгъу пэжу
Дызыщыгугъахэм
Лъым, нэмысым иращІыф сату.
НэжьгъущІыдзэу
Дзэр тхуэрагъэшхыр
Бгъэжь нэпсейхэм, дащІу хэутэн...

Гъуэгу еплІанэрщ.
Нэгум щІокІ Апсынэ,
Лъэпкъ Іэщэншэ,
гужьгъэжьыншэ лъэпкъ.
ХьэІуцыдзым
Къыщыпхъуащи и нэр,
ИщІэркъым щыІэжу
гущІэгъу лъэпкъ.
Ауэ пэлъэщакъым
Пэжым мысэр.
Хьэжьыкъалэ, Мейкъуапэ,
Налшыч -
ЗылІ и быну
Лъэпкъыр щызэгъусэм
Гуауэм я нэхъ хьэлъэри пхуошэч...

ЗэщІимыхыу иджыри шы-уанэр,
Лъэпкъым ноби
пещэр и гъуэгуанэм.

Сирие, Хьэлэб

МЕРЭТЫКЪУЭ Метин

Си хэку

Адэжь щІынальэм и кІэдахъуэм
Сыкъыщ!экІатэм удз гъэгъауэ,
Іэфіыгъэм гъащІэр щыз ищІынт,
Псэхугъуэр си псэм щыхэпщынт.
Адэжь щІынальэм
и къурш щІагъым
Си гъащІэр псыуэ къыщежьатэм,
Гуфіэгъуэ защІэр есхьэхынт,
Къуршыбгъэ хъагэр
псым къищынт.

Голландие, Амстердам

АФЭЩІЫЖ Іэмин

ЯгъэкІуэдыр си адыгэщ

(Уэрэд)

Бынунагъуэм бзэ илъыжкъым,
Хабзэ хэлъкъым, гу иІэжкъым.
Хабзэ хэлъу гу зиІахэм
Я Іэпкъльэпкъым псэ
хэлъыжкъым.

Ежьу:
ЯгъэкІуэдыр си адыгэщ,
ЯгъэткІужьыр си адыгэщ,
Уэуи, уэуи, ей адыгэщ.

Шыжьым* си бгъэр пхиудащ,
Хьэжьым* си гур кьритхъащ,
Джэдум* си лъыр ирифащ,
ТІыжьым* бжьакъуэр
фІигъэнащ.

Ежьу:
ЯгъэкІуэдыр си адыгэщ,
ЯгъэткІужьыр си адыгэщ,
Уэуи, уэуи, си адыгэщ.

**Шы, хьэ, джэду, тІы* - Тыркум щыІэ партхэм я дамыгъэхэщ.

ТХЬЭГЪЭЗИТ Рэфикъ

Узыншэу ущыт

Псэр пытыху -
Гупсысэ тІэкІу,
ГуґъанІэ тІэкІу -
Гур зыгъэпсэху.

Псэр пытыху -
Гуапагъэ тІэкІу,
Гуфіэгъуэ тІэкІу -
Гур зыгъэпсэху.

Псэр пытыху -
Гурыщ!э Іэфі,
Щ!ыхуфі и пэфі -
Гур зыгъэпсэху.

Псэр пытыху -
Жьэгу пащхьэ Іугъуэ,
Зы псы Іубыгъуэ -
Гур зыгъэтІыс.

Псэр пытыху -
Адыгагъэ тІэкІу,
Къуэпшыгъэ тІэкІу -
Гур зыгъэнэху.

Псэр щыхэкІым -
Зэ Іупльэжьыгъуэ,
Хэку жьы Іубыгъуэ -
Абы и ужькІэ
Узыншэу ущыт.

Тырку

ХЪУНЭГУ Надия

Хэхэс уэрэд

Сэ сы хэхэсщ -
ЩІэкІащ Хэкужьыр нэгум.
Ауэ сыт щыгъуи
Лъахэм псэр хуозэш.
ЛІэщІыгъуэ кІуам
Тхьэгъуэш хуэхъуауэ си гур
Гуфіэгъуи гуауи
Абы хузогуэш.
Жьыбгъэ унэншэ закъуэрщ
Си ныбжьэгъур.
Нэрымылъагъуми -
Сэщхьу ар нэщхъейщ.
Зэщыджэу кьыздехь а жьым
ГъащІэ гугъур,
Дызэподжэж -
ПІалъэншэу дыпІейтейщ.
Жьыр гъуэгу техьамэ,
Сэри зызоІэтыр;
Хьэпщ!эууэ ари
Кьызбгъэдоувэж, -
ДызэІэпэгъущ зенишэ
Тхьэмыщкіитіыр -
Дыщалъхуа унэр
Дэ къыдолъыхъуэж.

Иордание, Амман

Сурэт щІыным къыхуалъхуа ЛІыхужь Ауни

● Гъуазджэ

Автопортрет. *1908 гъэ*

Маршал Чакмак Фэузи и сурэт. *1923 гъэ*

Сурэт щІын Іэщ!агъэмкІэ Тыркум и гъуазджэм и къэгъэшыпІэ нэхъыщхьэу ябж 1914 гъэр. Абы щыгъуэ сурэтым хуэІэзэу зыкъэзыгъэлъэгъуа щІэблэрщ гъуазджэм и тхыдэм и лъабжьэр зыгъэтІылъар. Зи гугъу тщІыхэм щыщщ сэнэуш телъыджэу ябж ЛІыхужь Хъусейн-Ауни (1886 - 1927 гъэ.).

АДЫГЭ макъэр тыркубзэкІэ къыззэрамыгъэлъэгъуэфым къыхэкІкІэ, абы и унэцІэр зэратхар Lifij / ЛІыфыжьыщ (ЛІыхужь).

ЛІыхужь Хъусейн-Ауни и адэ-анэр Урыс-Кавказ зауэ лъэхъэнэм Псыжь льэныкъуэм ирагъэкІа шапсыгъэхэм ящыщщ. Унагъуэр Самсун къалэм къедза Ладик щІынальэм хиубыдэ Караапталсултан адыгэ къуэжьам дагъэтІысхьауэ, 1886 гъэм Ауни дунейм къытохьэ. Ауэ, дауэ хъуами, пэщІэдзэ щІэнапІэм Истамбул щыщІэтІысхьэну абы и насып къехь икІи ар 1896 гъэм кьеух. А зэманым Ауни и егъэджакІуэхэр къыхуэхъуапсэрт: ми щІалэр сурэт щІыным е музыкэм хуеджащэрэт, жаІэу. Ауэ ЛІыхужьыр щІотІысхьэ «Зыужьыныгъэм и щапхъэ» зыфІаща Шейхьзадебаши хьэблэм дэт курыт еджапІэм. Ар къиухауэ, сымаджэ хъури, илъэситІкІэ еджагъэкъм. ЩІалэ гурыхуэр зыри имышІэу щысакъым: абы франджыбзэ зэрегъащІэ.

1901 гъэм, илъэс 15 фІэкІа мыхъуауэ, Ауни гъущІ гъуэгум лэжьэн щыщІедзэ. И франджыбзэми пещэ, медицинэ еджапІэхэм анатомие, физикэ, химие щедж, лэч зэхэлъхьэкІэ щызэрегъащІэ. Къыщыхудэхэрэ и деж сурэт ещІ.

ЛІыхужь Ауни Истамбул гъуазджэ еджапІэ нэхъыщхьэм илъэс хуэдизкІэ щагъасэри, Франджым ягъакІуэ. 1909 - 1912 гъэхэм Париж художник цІэрыІуэхэм я «кІыщым» сурэт щІыкІэм щыхегъахъуэ. ИтІанэ, Истамбул ираджэжри, лицейкэм сурэт щІыным франджыбзэмрэ щрегъаджэ.

Ауни бжьэ Іэщ!элъу, лулэ Іурылъу ищІа автопортретыр апхуэдизкІэ цІэрыІуэ хъуащи, сурэтыщІ гъуазджэм хэзыщІыкІхэм абы и цІэр япэ кьраІуэ. И дамащхэм ираджэжа лъэпэдзыжьхэмкІэ гугъуэхь хэтурэ кьызэрытхъащ къиугъащІэу щытми, Іурылъ лулэмрэ Іэщ!элъ фадэбжьэмрэ и плъэкІэ-зыщІыкІэмкІэ зэи кьызэримыкІуэтынур уи фІэщ ящІу апхуэдэщ.

1917 гъэм «Зауэ сурэтхэмрэ адрейхэмрэ» фІэщыгъэщІэ иІэу Истамбыл къыщызэІуаха гъэлъэгъуэныгъэшхэм ЛІыхужьым и сурэт тІощІ хохуэ. 1918 гъэм а цІэ дыдэр иІэу Венэ къыщызэІуаха гъэлъэгъуэныгъэми ЛІыхужьым и сурэт 18 ирагъашэ. 1921 гъэм къызэщІыпкІауэ къэралым сурэт 56 къищхуэати, ЛІыхужьым и лэжьыгъэ абы хагъэхьэ.

1922 гъэм Мустэфа Кемал (Ататюрк) пежьэну Бурсэ кьалэм кІуаха ЛІыхужьымрэ иужькІэ абы и щхьэгъусэ хъуа сурэтыщІ Хьарикэ гуащэр, абы и дэлъху мывэупс Іэзэ Нижатрэ яхэтт. Мустэфа Кемал ЛІыхужьыр Анкара зэдешэ, мазиллітхуКІи абы щегъэхьэщІэ. Маршал Чакмак Фэузи и сурэтри Ауни щищІар абы щыгъэщ.

ЛІыхужьыр Анкара икІыжу Истамбул щигъэзэжам, «Махуэфі», «Махуей» зыфІища и сурэт цІэрыІуитІым я эскизэр хьэзырт. Тыркур хуит хъужьным теухуа зауэр щекІуэкІым щыгъуэ бийм зэтрикъута кІуажэ гуэрым дэлъ гузэвэгъуэр Ауни абы-кІэ кьегъэлъагъуэ.

«МахуэфІым» Ауни къыщигъэлъэгъащ зауэр текІуэныгъэкІэ зэриухар, абы зэрыригушхуэр, кІуэдыпІэм кьикІыжахэр гъащІэ дахэм зэрыхэузвэжар..

Сурэтым и мызакъуэу, ЛІыхужьыр музыкэми, жьабзэми дахьэхырт. Куэдым жаІэ абы и сурэтхэр усэ иус хуэдэу ищІу зэрыщытар.

Куэд къызэщІэзыубыдэ сурэтышхуэ щыныр гъуазджэм къыхэзыгъэхьахэм ящыщт ЛІыхужьыр. Абы и Іэдакъэщ!экІхэм къахощ экспрессионизмэри, символизмэри, романтизмэри.

Щапсыгъ щІалэм хуабжьу фІэфІт сурэт техынри, абы теплъэ гъащІэгъуэнэр кьиІьагъуфырт. Ди гуапэ зэрыхъунщи, а сурэтхэри нобэр кьызідэсым яхъумащ.

1923 гъэм ЛІыхужьыр гъуазджэ академиеу Истамбыл къыщызэІуахам егъэджакІуэу ягъэув икІи псэуху абы щолажьэ. 1927 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м илъэс 41-рэ хъуа къудейуэ ар дунейм ёохыж. Ауни щыщІалъхьа щІыпІэр наІуэкІым, ауэ ІэрыщІу хуащІа кхъэ лагъунэр Истамбыл и Пиерлоти хьэблэм щыІэщ, абы къыбгъурыльщ и щхьэгъусэ Сирел Хьарикэ гуащэм и хьэдэри.

ЕДЫДЖ Мухьэрэм.

ЛІыхужь Ауни и автопортрет. *1926 гъэ*

И щхьэгъусэ Хьэрикъ и сурэт. *1924 гъэ*

Махуэфі. *1918 гъэ*

● Щыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Іуэхум нэхърэ нэхъ лъапІэ

♦ШыІэныгъэ зыхэлъым псори къохъулІэ, тІэкІу пэплъэн хуей къудейуэ араща.

♦Зы щІыху щыхэкІуадэ щІыпІэм тІур къыщелыфынущ.

♦Щіыхум хуэзфІэкІыу хъуар шыІэныгъэмрэ зэманымрэ къаухихьу араща.

♦Гупсысэр Іуэхум нэхърэ нэхъ лъапІэщ.

♦Лъэпкъым и къэкІуэнур анэхэм я Іэмыщ Іэ илъщ.

♦Дэнэ щІыпІи къыщыщІидз щІыхум къыщыгуфІыкІ куэд ирихьэлІэнукъым.

♦Къыщіомылъэіуа Іуэху зыми хуумыщІэ.

♦Щьтыкіэхэм захъуэж щхьэкІэ, хабзэр яхъуэжкрхъым.

♦Пэжыр Іэфіагъ зыщІэмылъ псы дыджщ, ауэ узыншагъэр езыгъэфІакІуэщ.

♦ПщІыраща щІыхум и пщІэр езыудыхыр.

Оноре де Бальзак,
франджы тхакІуэ-романист.

● Налшык и махуэ

КЪБР-м щыхьэрым и махуэр Къэбэрдей уэрамым щагъэлъапІэ. *2018 гъэ, фокІадэм и 7*

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Щапхъэ

Жэуап

ЗэныбжьэгъуитІ зыгуэр щхьэкІэ зэныкъуэкъуурэ зэфІэнати, зыр адрейм и напэм еуащ. Адрейм зы псалъи жиІакъым, атІэ кІуэри пшахьуэм тритхащ: «Нобэ си ныбжьэгъу нэхъыфІ дыдэр къызэуащ». Я гъэзугум пащэри, гуэл ирихьэлІахэри, загъэпскІыну къэувыІащ. Ныбжьэгъур зэуа щІалэр итхьэлэ пэтрэ, мыдрейм къихилъэфыжри къригъэлащ. ЗыкъищІэжа нэужь абы мывэм хьэрфхэр къыхиІущІыкІащ: «Нобэ си ныбжьэгъу нэхъыфІ дыдэм сыкъригъэлащ» псалъэхэр.

- Уи жагъуэ щысщІам щыгъуэ пшахъуэм тептхащ уи гукъеуэр, иджы мывэм щхьэ утетхыхьрэ? - щІэупщІащ ныбжьэгъур.

- ФІыуэ тлъагъуэхэм ди жагъуэ къыщащІам деж гукъеуэр къэтпсэлъ нэхъ-рэ пшахъуэм теттхэмэ нэхъыфІщ, жьы къепщэмэ ипхъэнкІыжьын хуэдэу. Ди гуапэ къащІакъэ - зы жьыбгъи пэмылъэщын хуэдэу ар мывэм теттхэмэ нэхъыфІщ. ФІыр зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым, - къитащ жэуап адрейм.

● Гушы Іэ

Умыщхьэхыу сыту упсэлъэфрэ?

Пащтыхь гуэрым унафэ ищІат: къэралым щхьэхынэу исым хэпІыхьу я нэхъ щхьэхынэ дыдэу тІу къыхуашэну. Пащтыхьым жиІар унафэти, щхьэхынэу къэралым исым хэпІыхьри, нэхъ щхьэхынэ дыдэу тІу къыхахри къыхуашащ. ТІури къэтІысын щхьэхыу пліапліэу гум илът. Пащтыхьыр къыщІэкІри еплъащ, унафэ ищІри гум кърыригъэхри унэ нэщІ гуэрым щІригъэлъхьащ. Ящ1ым кІэлъыплъыну плъакІуи Іуигъэувэжащ. Жэщ куэдрэ махуэ куэдкІэ плъакІуэр якІэлыплъащ, арщхьэкІэ щхьэхынитІри щылт замыгъэхъейуэ.

ИтІанэ пащтыхьым унафэ ищІащ ахэр зыщІэлъ унэм мафІэ щІадзэну.

МафІэр кІуэурэ зым деж нэсри и лым еІэ щыхъум:

- Си гугъэмкІэ, мафІэ къытщІадзащ, - жиІащ, зимыгъэхъейуэ здэщылъым.

- Умыщхьэхыу сыту упсэлъэфрэ? - жиІащ адрейм.

● Ар пэжщ

Дуней псом къыщацІыху «емыджэфхэр»

ЩІэныгъэшхэр зэфІэкІрэ къызыкъуэкІа цІыху цІэрыІуэхэм я ГъащІэмрэ лэжьыгъэмрэ къэзыхутэхэм жалэ ахэр школакІуэ, студент «хуэмыхуэхэм» ящыщу зэрыщытар. Къапщтэмэ:

Ньютон Исаак емыджэфхэм ящыщт. Иужькіэ и классым щІэс щІалэ цІыкІум езауэрэ, къиубэрэжьаи, щІэныгъэкІэ япэ итыну мурад зыхуигъэувыжри, мазэ бжьгъэ нэхъ дэмыкІыу псом нэхърэ нэхъыфІу еджэ хъуащ.

Германие пащтыхьыгъуэм и канцлер **Отто фон Бисмарк** щІагъуэу еджэу щытакъым, лэжьыгъэми апхуэдэ дыдэут зэрыхущытыр.

Наполеон фІыуэ еджакъым, ауэ есэпым хъарзынэу хищІыкІырт.

Бетховен Людвиг щыуагъэ хэту фІэкІа тхэфыртэкъым, зэхэпхъэн-зэхэхьнхэри фІыуэ кехъулІэртэкъым. АбыкІэ **Дюма Александр-адэм** ещхьт.

Нобель саугъэтым и лауреат **Эйнштейн Альберт** ику иту еджэрт. И адэ-анэм жаІэу щытащ абы щІэныгъэ куу зэрызримыгъэгъуэтыфынур, къызэрыгуэкІ Іэнатіэ гуэрым пэрыгъэувэн зэрыхуейр.

Маяковский Владимир еджэныр апхуэдизкІэ къыфІэІуэхутэкъыми, уеблэмэ «Анна Каренина» тхылъым и кІэм нэсу зэремыджамкІэ зиумысыжат.

Пушкин Александр лицейм щыщІэсым еджэным щІагъуэу хэзагъэу щытакъым, уеблэмэ есэпымкІэ дерсхэр илъагъу хъуртэкъым.

Чехов Антон курыт школым щыщІэсым тІэу къырагъэнэжауэ щытащ.

ФІпэ ракетхэр, спутникхэр къэзыгупсыса, «Восток», «Восход» хъурщ кхъухьэр къэзыгъэщІа **Королёв Сергей** «З» защІэкІэ еджауэ араща.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

● Гъэщ1эгъуэнщ

Индие Республикэр

1. Индием иІыгъ щІым и инагъкІэ дуней псом ебланэ увыпІэр щиубыду арами, щыпсэу цІыхухэм я бжыгъэкІэ етІуанэщ, абы и лъэныкъуэкІэ япэ ищыфар Китайрщ. Хуэгъэфэщауэ къыззрабжамкІэ, Индием цІыху мелард 1,2-рэ щопсэу.

2. Индием диным ехьэлІа махуэшхуэ яІэщ, илъэс 12-м зэ ягъэлъапІэу. Зи чэзу Кумбха-мела махуэшхуэр 2013 гъэм щІышылэм и 14-м ягъэлъэпІащ. А махуэм индиист щихьым я щхьэр хуагъэщхьыну Аллахабад щІэзэхуэсат цІыху мелуани 100-м щІигъу.

3. Дуней гъэм и пкъыгъуиплІыр (мафІэр, щІыр, хьэуар, псыр) ямыуфІеин папщІэ, дунейм ехьжам и хьэдэр щІым щІалъхьэрхьым, атІэ «щэхум и чэщанэм» тралъхьэри, къуалэбзуэм яшхьж. Абы къыщІэна къупщхьэлъапщхьэр псыкъуайим ирадзыхьж.

4. Индие унагъуэм и унэгуащэм и щхьэгъусэм и цІэр ину жиІэу хабзэкъым.

5. Индиер шахматым и хэкущ. Абыхэм нэхъапэм зэреджэу щытар «чатцранга»-щ, гупиплІ ищыкІа дзэ къикІыу араща. Шахмат фигурэхэри плІыуэ гуэшащ.

6. Щыгъыным и щыкІэми и плъыфэми куэд къыбжеІэ. Уеблэмэ индие бзылъхъэгъэ и щхьэцыр зэрызэщІэкъуам къуєгъащІэ абы и дуней тетыкІэр зыхуэдэр.

7. Индиусэм я процент 80-м зэрахьэр индиимырщ. Муслъымэнхэм етІуанэ увыпІэр щаубыд къэралым, абыхэм я бжыгъэр процент 13-м ноблагъэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, муслъымэн нэхъыбэ дыдэ щыпсэу къэралхэм я ещанэщ Индиер, ар къакІэлъокІуэ Индонезиемрэ Пакистанымрэ.

8. Дуней псом щынэхъ ин дыдэ кино-индустриер - Болливудщ - ар Мумбай щыІэщ. Болливуд щытраха фильм псори, фэ зэрыфщІэщи, мюзиклщ.

9. Къэралым зэрихьэ цІэр къызытекІар Индус псырщ. Ар санскритыбзэкІэ «синдху»-щ, «псы» къикІыу араща.

10. Индием щынэхъ пашэ спорт лІэужьыгъуэр - крикетщ, британхэм къабгъэдэкІаУэ араща.

11. Индием къэралыбзитІ щызоклуэ: хинди, инджылыз. Къищынэмыщ1ауэ, Правительствэм бзэ 17 кьегъэлъагъуэ. Апхуэдэуи диалект 1650-кІэ щопсалъэ мы къэралым.

12. Я нэхъыбэ индусхэм шхэн ипэ къихуэу я Іэр, я напэр, я лъакъуэр ятхъэщ. Зэрышхэр, Іэмал имыІэу, я Іэ ижьымкІэщ. Бзылъхугъэхэр Іэнэм щыпэрытІысхьэр щІыхуэхэр къэтэджыжа нэужькІэщ.

13. Гуэзвэгъуэ зиІэ щІыхухэм Іэлъэщ1, щыгъын фІыщІэкъым къагъэсэбэпыр, атІэ хужьщ. Зи щхьэгъусэр дунейм ехьжа бзылъхугъэм хужьыбзэу зехуапэ.

14. Къэрал псом сыхьэт бжыгъэр щызэтохуэ.

15. ЩыщхьэуІум и 15-р Щхьэхуитыныгъэм и махуэщ. А махуэм 1947 гъэм Индиемрэ Пакистанымрэ къэрал зырызу зэхэкІаУэ щытащ. Абы щыгъуэм щІыху мелуан 1,2-р Іэпхъэуауэ щытащ, къэхъуа зэрыхьэрийм щІыху мелуаным ноблагъэ хэкІуэдащ.

16. ИнджылызбзэкІэ псалъэ лъэпкъ нэхъ ин дыдэу дуней псом къыщІалъытэ индусхэр.

17. 1986 гъэ пщІондэ Индием фІэкІа нэгъуэщІ щІыпІэ налкъут щымыгъэгъу щытащ.

18. Хэплъэгъуэ Іэхуи яІэщ индусхэм: индие штати 8-м къулейсыз нэхъыбэ щопсэу, африкиз къэрал 26-м тхъэмыщІкІэу яІэм нэхърэ.

19. 20 лІэщІыгъуэм и япэ Іыхьэм хъыджэбз щІыкІуэм я ныбжьыр 13 зэрырикъуу лІы иратырт.

20. Турист куэдым фІыуэ япъагъу Гоа штатыр Индием ей щыхъэгъэр 1961 гъэращ. Ар Португалием хыхьэу щыта, къаззуа къалэщ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Шхыныгъуэхэр

КІэртІоф хьэнтхъупс

Шыуаным тхъу иралъхъэри, мафІэ щабэм тету ягъэткІу. Абы зэпэплІимэурэ упщІэта бжьыныщхьэ халъхьэри, зэІащІэурэ ягъэлыбжь, шыбжий сыр хьэжа хакІутэ, зэІащІэурэ тхъуэплъ дахэ хъуху ягъэлыбжьэ. Абы псывэ къагъэхьэзырам щыщ бэлагъкІэ зэІащІэурэ щІакІэ, зэІащІэурэ мафІэ щабэм тету дакъикъитІ-щыкІэ къагъэкъуалъэ. Абы халъхьэ Іупщ1эурэ упщІэта кІэртІоф. Псывэ къэнар щІакІэжри шыгъу хадзэ, зэІащІэ. Шыуаныщхьэр трапІэри, хьэзыр хъуху мафІэ щабэкІэ ягъавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсыр пэшхьэкум кьыт-рахри джэдгын, бурш хаудэ, шыуаныщхьэр трапІэжри дакъикъитхукІэ щагъэт. Пщтыру фалъэкІэ Іэнэм трагъэувэ. ЩІакхъуэ е лакъум дашх. Шати хэзыкІэ щыІэщ.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):

тхъууэ - грамм 40,

бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 35-рэ,

псывэу - грамм 900,

кІэртІоф хъуэхэзэ - грамм 200,

шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

Нартыху хьэжыгъэ жэмыкуэ

Шыуаным псы щІыІэ иракІэ, абы джэдыкІэ кугъуэ уда зыхэлъ шатэ хакІэ, фІыуэ зэІащІэри, мафІэм трагъэувэ. ЗэІащІэурэ дакъикъи 5-6-кІэ къагъавэ. АдэкІэ нартыху хьэжыгъэ ухуэнщІар хаудэри, тхъу къыщІидзыху, дакъикъи 10-15-кІэ, зэІащІэурэ ягъавжьэ. Хьэзыр мэхъу щыжаІэм, зэІащІэурэ, кхъуей цІынэ упщІэта халъхьэ, шыгъуышпс щІыІэ хакІэ. Пщтыру Іэнэм трагъэувэ, шху щІыІэ и гъусэу.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):

псы щІыІэу - грамми 100,

шатэу - грамм 500,

джэдыкІэ кугъуэу - 1,

нартыху хьэжыгъэу - грамми 115-рэ,

кхъуей цІынэу - грамм 40,

шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къытхъжащ.

● Фэр папщІэ

Зэныбжьэгъуищ

МэзЫМ щІэс дыгъужь хъуэшэм я пашэр жьы хъуати, и пІэм иригъэувэнІауэ мурад ищІащ. Нэхъ дыгъужь лъэщу кІилъытэм бгъэдыхьэри жриІащ:

- Сэ жьы сыхъуащи, дяпэкІэ дыгъужьхэр уи нэІэ щІызогъэувэ. Нэхъ лъэщу къытхэтхэр здэши, хъуэшэм ярикъун шхын къэвгъуей.

Пашэ ящІам дыгъужьхэ зыщІигъури ежьащ. Махуэ псом къэтахэщ. Жэщ хъуауэ къекІуэлІэжащ дыгъужьиблир. Сэкъат зиІэ зыри яхэттэкъым, хъуэшэм ярикъун шхыни къраХьэлІат.

- Иджы къызжеІэж, мы къомыр дауэ къэфщэкІуами, - зыхуигъэзащ жьы хъуа дыгъужьым пашэу хихам.

- Псори тыншу къыдэхъуІащ,- жиІащ абы, - мэзым дыщІэтурэ къэтлъэгъуащ щакІуэ къикІыжкІиІпщІ. Абыхэм датеуэри зэхэтфыщІащ, къащэкІуар дэ къэтщтащ, - жиІащ дыгъужьым.

- Хъарзынэщ. Пщэдеи фыщэкІуэнущ,- жиІащ нэхъыжьым.

Аргуэру гъуэгу теуващ дыгъужьиблир. ЕтІуанэ пщэдджыжьым и псэр кьихьыжащ зы дыгъужь закъуэм. Хъуэшэм я пашэм лъыр къыпІыжыт, зэфІэтыжьыфыртэкъым, и фэм икІат.

Нэхъыжьыр къэхъуам щІэупщІащ.

- Мэзым дыщІэтурэ щакІуиущм дауІуащ. КъащэкІуар къатетхыну дащебгъэрыкІуэм, дапэлъэщакъым. Езыхэр куэдкІэ нэхъ лъэщу къыщІэкІащ. Гъусэу здесшэжьауэ хъуар зэтрауКІащ. Сэ ерагъыу си псэр къэсхьэсыжауэ араща.

- Ар дауэ, - игъэщІэгъуащ жьы хъуа дыгъужьым, - зымахуэ фэ щакІуиупщІым тыншу фатекІуащ, нобэ щыр фхуэмыгъэщІауэ ара?

- ХэщІащ. Ауэ ятпэм дызрихьэлІахэр щакІуипщІ къудейуэ арат. Нобэрейхэр зэныбжьэгъуищ хъурт.

● Ар пэжщ

Дуней псом къыщацІыху «емыджэфхэр»

ЩІэныгъэшхэр зэфІэкІрэ къызыкъуэкІа цІыху цІэрыІуэхэм я ГъащІэмрэ лэжьыгъэмрэ къэзыхутэхэм жалэ ахэр школакІуэ, студент «хуэмыхуэхэм» ящыщу зэрыщытар. Къапщтэмэ:

Ньютон Исаак емыджэфхэм ящыщт. ИужькІэ и классым щІэс щІалэ цІыкІум езауэрэ, къиубэрэжьаи, щІэныгъэкІэ япэ итыну мурад зыхуигъэувыжри, мазэ бжьгъэ нэхъ дэмыкІыу псом нэхърэ нэхъыфІу еджэ хъуащ.

Германие пащтыхьыгъуэм и канцлер **Отто фон Бисмарк** щІагъуэу еджэу щытакъым, лэжьыгъэми апхуэдэ дыдэут зэрыхущытыр.

Наполеон фІыуэ еджакъым, ауэ есэпым хъарзынэу хищІыкІырт.

Бетховен Людвиг щыуагъэ хэту фІэкІа тхэфыртэкъым, зэхэпхъэн-зэхэхьнхэри фІыуэ кехъулІэртэкъым. АбыкІэ **Дюма Александр-адэм** ещхьт.

Нобель саугъэтым и лауреат **Эйнштейн Альберт** ику иту еджэрт. И адэ-анэм жаІэу щытащ абы щІэныгъэ куу зэрызримыгъэгъуэтыфынур, къызэрыгуэкІ Іэнатіэ гуэрым пэрыгъэувэн зэрыхуейр.

Маяковский Владимир еджэныр апхуэдизкІэ къыфІэІуэхутэкъыми, уеблэмэ «Анна Каренина» тхылъым и кІэм нэсу зэремыджамкІэ зиумысыжат.

Пушкин Александр лицейм щыщІэсым еджэным щІагъуэу хэзагъэу щытакъым, уеблэмэ есэпымкІэ дерсхэр илъагъу хъуртэкъым.

Чехов Антон курыт школым щыщІэсым тІэу къырагъэнэжауэ щытащ.

ФІпэ ракетхэр, спутникхэр къэзыгупсыса, «Восток», «Восход» хъурщ кхъухьэр къэзыгъэщІа **Королёв Сергей** «З» защІэкІэ еджауэ араща.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **3**. Адыгэ композитор цІэрыІуэ, ПащІэ Бэчмырзэ и пхъурылъхъ. **6**. ГуфІэгъуэу Іэнэхэм тралъхьэ хабзэ джэдыкІэрыпщ. **9**. Къуацэчыцэ. **11**. Губгъуэм къыщрахьэлІэ гъавэр пІалъэкІэ щызэтракІутэ щыпІэ. **12**. УмыпУэху зепхуэмэ, ар кІыптехуэнкІэ мэхъу. **13**. Илъэс 30-м нэскІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэу лэжьа. **14**. ЧнутІым нэгъуэщІу зэреджэ. **16**. Мэл зыхэвэ нэхърэ ... зыхэпкІэ. **19**. ЕуэкІыпІэ. **21**. Уэ ... хэлъхьи, се берычэт ныхэслъхьэнщ. **22**. Аргуэл зэзгъэвэ. **7**. ЩІыпІэ хуабэхэм къраш пхъэщхьэмыщхь. **8**. Хьэкъэущкъур ятхъэщІа нэужь кьанэ псы фІейр. **10**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артистхэу КІуэдз Іэбубэчыррэ Сэхъу Хьэсэнрэ я Іэщ1агъэр. **15**. ... и уасэу зы уэстын хьэмэрэ зы и уасэу ... уэстын? **16**. ХакІутІ зы ... щІэзагъэркъым. **17**. МусЛъымэнхэм я ... суд. **18**. ... зэрымытым Іэтэ ирегъэувэ. **20**. Мазэ хьэкъ, лэжьапщІэ, ... **22**. Зи пхъэр щабэ, зи гъэгъахэр гъуэжь жыг. **25**. Ерыскъыр зэзымыпэсу щІыкІейуэ зызыщІ. **26**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, абы и кІуэдыжьгъуэм дамэ къытокІэ. **30**. ПшахъуэщІ. **31**. Адыгэ таурыхъэм узыщихьэлІэ фызыжь хьилэшы. **33**. Адыгэ театрым и джэгуакІуэ Іэзэу щыта, РСФСР-м и цІыхубэ артист. **35**. А хьэкІэжъхъуэкІэм дыгъужьр балацэу къыщохъу. **36**. Іэзэ къашэри ... ириящІ. **38**. Щоджэнцыкіу Алий и поэмэ цІэрыІуэм хэт Мадинэ фІыуэ илъэгъуа щалэ. **39**. ... - гурыщІэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



ФокІадэм и 1-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1**. Хьэсэгъу. **8**. Сабэ. **9**. Пхъужь. **10**. Ныджэ. **13**. Ней. **14**. Щыблэ. **15**. Бын. **16**. Уэ. **17**. Къущ. **18**. Баш. **20**. Хъуркъым. **22**. Уэр. **23**. Гъуджэ. **24**. Кхъулэ. **25**. Гъуэз. **28**. Жэм. **29**. Шэрэз. **31**. Тас. **32**. Бу. **33**. Акъ. **34**. Гъуэгу. **36**. Хьэлэл. **37**. Шыд. **38**. Мащэ. **39**. Гъудэ. **41**. Арму. **44**. Орден.

Къехьу: **1**. Хьэ. **2**. Сэхъу. **3**. Гъуо. **4**. Псынабэ. **5**. Хъубий. **6**. ЩІыпІуб. **7**. Мэунэри. **11**. Пщэхъу. **12**. Пэкъум. **19**. Шэджэм. **21**. Кьэлэр. **22**. УнэІут. **26**. Ажэгъуэмэ. **27**. Псыдыуэ. **29**. Шухьэ. **30**. Залэ. **35**. Гуащэ. **37**. Шэрхъ. **40**. Дыд. **42**. Бо. **43**. Хьун.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Исэпэн Залинэ, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астъэн, Нэщэпыджэ Замирэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; кхъужэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхуищ1апІэхэм ядэлэжьэныжьмкІэ - 42-60-53; зынышагъэмрэ щІыхуэпсыр хъумэныжьмкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуу зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 (12+)

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня,** *редактору* **Жылаесэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.), КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Мариинэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.191 ● Заказ №902